**दिन–शनिवार** **दिनांक–07.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

उपराष्ट्रपति जगगीप धनखड़ आइ मोतिहारी मे महात्मा गांधी केन्द्रीय विश्वविद्यालयक दोसर दीक्षांत समारोह मे सम्मिलित भेलाह। श्री धनखड़ एगारह छात्र–छात्रा लोकनि के स्वर्ण पदक प्रदान कयलनि। एहि मे तीन छात्रा लोकनि के चांसलर मेडल देल गेल। संगहि चारि सय तैंतीस छात्र छात्रा लोकनि के उपाधि प्रदान कयल गेल। एहि अवसर पर श्री धनखड कहलनि जे वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि भारत के विकसित राष्ट्र बनेबाक लेल देशक हरे नागरिक के अपन योगदान देबाक चाही। श्री धनखड़ सभ देशवासी लोकनि सँ एक पेड़ माँ के नाम अभियानक अंतर्गत पौधारोपण के अपील कयलनि। उपराष्ट्रपति विश्वविद्यालय परिसर मे महात्मा गांधी के प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि आ पौधारोपण कयलनि। एहि असवर पर राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ स्थानीय सांसद राधामोहन सिंह सेहो उपस्थित छलाह।

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति अगिला वर्ष होबऽ बला विभिन्न परीक्षा सभक कार्यक्रम जारी कऽ देलक अछि। बोर्ड के अध्यक्ष आनन्द किशोर जनौलनि जे एक फरवरी सँ पन्द्रह फरवरी के मध्य इंटरमीडिएट के परीक्षा होयत। ओतहि, मैट्रिकक परीक्षाक आयोजन सत्रह फरवरी सँ पच्चीस फरवरी धरि होयत। ओ कहलनि जे मार्च अथवा अप्रील मास मे दुनू परीक्षा के परिणाम जारी कऽ देल जायत। श्री किशोर जनौलनि जे राज्यक सभ डीएलएड शिक्षण संस्थान मे नामांकनक लेल प्रवेश परीक्षा सत्ताईस फरवरी के होयत। बोर्डक अध्यक्ष जनौलनि जे वर्ष दू हजार पच्चीस मे मैट्रिक आ इंटरमीडिएट परीक्षाक टॉपर के दू लाख टाका देल जायत। मेधा सूची मे दोसर स्थान पर रहऽबला छात्र लोकनि के डेढ़ लाख आ तेसर स्थान पर रहऽबला छात्र लोकनि के एक लाख टाका लेल जायत।

---

बिहार मे दुर्गापूजा, दिवाली आ छठिक दरमियान लगभग एक करोड़ अस्सी लाख यात्री लोकनि ट्रेन सँ यात्रा कयलनि। अक्टूबर आ नवम्बर मे एकसठि दिनक दरमियान नियमित ट्रेनक अतिरिक्त स्पेशल ट्रेनक उनासी हजार नओ सय नब्बे ट्रेन अप आ डाउन मे चलल। एकर संगहि गर्मी के छुट्टी मे विशेष रेलगाड़ी तेरह हजार पाँच सय तैईस फेरा लगौने छल। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव राज्यसभा मे भाजपा सांसद भीम सिंह के एक प्रश्नक उत्तर मे ई जनतब देलनि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ गोपालगंजक कटैया मे एक लाख लीटर प्रतिदिन क्षमता बला दूध उत्पादन संयंत्रक शिलान्यास कयलनि। एहि संयंत्र के निर्माण पर साठि करोड़ टाका के लागति आओत। एहि अवसर पर पशु आ मत्स्य संसाधन मंत्री रेणु देवी सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य उपस्थित छलाह।

———————————————————————

परिवहन मंत्री शीला मंडल कहलनि अछि जे राज्यक सभ विधानसभा क्षेत्र सँ राजधानी पटनाक लेल सोझे बस सेवा शुरू कयल जायत। श्रीमती मंडल आइ सासाराम मे पत्रकार लोकनि सँ वार्ता करैत ई जनतब देलनि।

———————————————————————

लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण विभाग मे चारि हजार एक सय पैंतीस पद सभ पर नियुक्ति कयल जायत। विभागीय मंत्री नीरज कुमार सिंह बबलू जनौलनि जे ई नियुक्ति बिहार कर्मचारी चयन आयोग, बिहार तकनीकी सेवा आयोग आ बिहार लोक सेवा आयोगक माध्यम सँ कयल जायत। ओ कहलनि जे शीघ्रहि नियुक्ति के प्रक्रिया पूरा कऽ लेल जायत।

———————————————————————

आइ सशस्त्र सेना झंडा दिवस अछि। ई दिवस भारतीय सशस्त्र बल के कर्मी लोकनिक कल्याणक लेल देशवासी लोकनि सँ धन संग्रह के प्रति समर्पित दिन अछि। रक्षामंत्री राजनाथ सिंह एहि अवसर पर भारतीय सैन्य बल सभक साहस, वीरता, धैर्य आ बलिदान के नमन कयलनि। ओ भारतक सुरक्षा मे महत्वपूर्ण भूमिका के निर्वाह करबाक लेल सेना के सराहना कयलनि आ सभ सँ झंडा दिवस कोष मे स्वेच्छा सँ योगदान देबाक आग्रह कयलनि। एम्हर, सैनिक कल्याण निदेशालय के निदेशक ब्रिगेडियर मृगेन्द्र कुमार पटना मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित राज्य सरकारक कतेको अधिकारी लोकनि के झंडा लगौलनि।

———————————————————————

आयकर विभागक टीम मोतिहारी स्थित एक चाउर कंपनी के सात ठेकाना सभ पर छापामारी कयलक अछि। मोतिहारी के अलावे रक्सौल, पटना आ दिल्ली मे सेहो छापामारी कयल गेल। प्राप्त जनतबक अनुसार छापामारी मे आयकर विभागक तीन सय सँ बेसी अधिकारी आ कर्मचारी तथा एसएसबीक जवान सम्मिलित छलाह। टैक्स चोरी के मामिला मे ई छापामारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

कामेश्वर सिंह दरभंगा विश्वविद्यालयक परीक्षा विभाग शास्त्री प्रतिष्ठा द्वितीय वर्ष, शिक्षा शास्त्री प्रथम वर्ष आ शास्त्री पास कार्स द्वितीय वर्ष सहित आधा दर्जन सँ बेसी परीक्षाक परिणाम घोषित कऽ देलक अछि। परीक्षा नियंत्रक डॉक्टर मुकेश कुमार झा जनौलनि जे सभ परीक्षा परिणाम विश्वविद्यालयक वेबसाईट पर अपलोड कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

मौसम विभाग अगिला दू दिनक दरमियान सुपौल, अररिया, पूर्णियां, पटना, बक्सर आ लखीसराय सहित राज्यक उत्तर–पूर्वी आ दक्षिणी हिस्सा मे हल्का वर्षा हेबाक संभावना जनौलक अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना के वैज्ञानिक कुमार गौरव जनौलनि जे एहि दरमियान आकाश मे मेघ लागल रहत आ उच्चतम तापमान मे तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस के कमी आबि सकैत अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान आठ दशमलव दू डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमान के संग पूसा आ जीरादेई राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। ओतहि, राजधानी पटना के न्यूनतम तापमान बारह डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————

समाप्त